

# YON MESAJ DE MANADJ VIL LA

Chè Rezidan Miami:

Le 13 Novanm, 2001, nou pral genyen opòtinite pou nou vote sou koze Pwogram Defans Nasyonal/Bon Monetè Amelyorasyon Katye yo pou Vil Miami. Pwogram Bon monetè an pral bannou resous nesesè nan divè sektè tankou Sirte Piblik, Plas Piblik, lari yo ak sistèm drenaj la, Enfrakstrikti pou Lavi Miyò ak Inisyativ pou Prezèvasyon Istorik yo.

Vil Miami ap travay seryezman sou plizyè Pwojè Amelyorasyon Kapital ak ni lajan ki te la deja a epi tou lòt lajan nan lavni pou bay rezidan nou yo yon lavi miyò. Mèzalò, bezwen fondamantal ki pa satisfè yo plis ke ni resous aktyèl yo ni resous pou demen yo. Pwogram Defans Nasyonal/Bon Monetè amelyorasyon Katye yo trè enpòtan pou garanti yon tan byen long a Pwogram Amelyorasyon Kapital nou an.

Pwojè enpòtan tankou Inisyativ Preparasyon Defans Nasyonal yo pral garanti sèten resous nesesè ke ponpye nou ak polisye nou yo bezwen pou pwoteje rezidan nou yo ak tout vizitè nou yo tou. Epi tou,nouvò estasyon ponpye byen plase pral etabli pou reponn a apèl dijans yo pi vit. Nouvò etablisman pou fòmasyon polis ak ponpye yo pral garanti yon fòmasyon total-kapital pou nou jwenn pi bon sekirite anka dijans ak aksyon rapid pandan yon dezas.

Se plas piblik nou yo ki pral resevwa pi fò lajan sa a pou amelyrasyon ak embellissman. Inisyativ bon monetè sa a trè enpòtan sitou pou plas piblik nan katye nou yo paske sa pral ede nou jwenn lajan pou travay amelyorasyon yo. An plis de sa, pwojè sa a pral ede nou rezoud pwoblèm de inondasyon kenap viv jodya paske lajan sa a genyen pou li fè travay drenaj yo tou. Epi tou, gwo travay amelyorasyon katye yo pral fèt tankou asfalte rout, twotwa yo, gazon lari yo ak limyè lari yo pral benefisye de Inisyativ lavi miyò sa a.

Vil Miami angaje tèt li a katye nou yo ak amelyorasyon yo. Inisyativ sa apral bannou resous nesesè yo pou nou kapab kouvri bezwen nou yo. Nou rete angaje pou nou kontinwe travay pou vil la se pi bon vil pou nou viv, travay ak pran plezi nou.

Sesèman



Carlos A. Gimenez

# SA TOUT SA VLE DI

Le 13 Novanm tout votè yo ap gen yon opòtinite pou deside fiti Vil nou a. Sa se yon desizyon kap bay rezidan nou yo yon lavi miyò

Vil Miami a pwopoze yon kesyon sou bilten de vòt eleksyon 13 Novanm la pou otorize Bon Monetè de $255 Milyon pou Sekirite Nasyonal/ Amelyorasyon Katye yo.

Se amelyorasyon Plas Piblik Vil la kap resevwa pi fò lajan ke pwogram bon monetè sa a ap jenere ( yo pa gen lòt lajan sere pou amelyorasyon sa yo) ansanm ak lajan pou sirte piblik, lari yo, drenaj yo ak lavi miyò, amelyorasyon Enfrakstrikti yo, ak Prezèvasyon Istorik yo

Vil la etabli pwojè sa yo youn fason pou li travay sou ni lajan ki la deja yo ni lajan nan lavni yo pou fè amelyorasyon sa yo. Men kijan yap distribiye fon sa yo pou amelyorasyon yo.

**MEN KI JAN YO PRAL DISTRIBIYÈ $255 MILYON DOLÀ BON MONETÈ SA A:**




** No increase in the current tax rate!*

Bon Monetè sa etabli youn fason pou li pa depase valè enpò aktyèl la e lap ede mete pwojè a sou pye pi vit nan vil nou an san sakrifye kalitè la vi ou minm kapé viv nan vil la mèritè.

## KOMISYON VIL LA

JOE CAROLLO
Majistra Kominal

WIFREDO "WILLY" GORT, Vis-préziden
TOMÁS REGALADO, Komisyonè
JOE SANCHEZ, Komisyonè
ARTHUR E. TEELE,JR., Komisyonè
JOHNNY L.WINTON, Komisyonè

CARLOS A. GIMENEZ
Manadjè Vil la

# Bon Monetè pou Amelyorasyon Katye yo